

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa dipaké ku manusa pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi. Biasana basa dipaké alat komunikasi téh lantaran mangrupa sistim lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistimatis) tur ragem (konvénsional) antaranggota masarakatna. Basa salawasna diwangun ku adegan lahir (*surface structure*) jeung adegan batin (*deep structure*). Adegan lahir basa mangrupa sistim sora (runtuyan sora-sora) manusa nu dihasilkeun ku pakakas ucapna, disusun nurutkeun sistim basa nu aya dina basa téa. Ari adegan batin basa nyaéta sagala rupa eusi nu dimaksud ku sistim sorana (runtuyan sora) téa, atawa kedaling rasa, pikiran, jeung kahayang nu aya dina sistim sora waktu patali marga atawa komunikasi. Adegan lahir ngawujud foném, morfém, kecap, frasa, klausa, jeung kalimah, nu nyoko kana subsistim fonologi, gramatika, jeung leksikologi. Ari adegan batin mangrupa eusi, harti atawa ma'na nu nyoko kana subsistim semantik. Wangun basa nyoko kana babagian basa nu bisa katarima ku pancaindera, boh diregepkeun boh dibaca, sedengkeun eusi atawa ma'na basa mangrupa bagian tina basa nu nimbulkeun tapsiran dina pikiran nu ngaregepkeun atawa nu maca alatan wangun téa (Sudaryat, 2014, kc. 14).

Unggal kecap dina basa pasti ngandung ma'na atawa harti. Salah sahiji widang linguistik nu ngulik ngeunaan ma'na nyaéta semantik. Objék kajian semantik nyaéta ma'na dina basa. Nurutkeun Sudaryat (2003, kc. 11) semantik nyaéta bagian tina élmu basa nu ngulik selang surupna ma'na dina hiji basa sarta nyungsi asal muasalna, parobahan katut kamekaranana. Basa nu dipaké ku manusa nalika komunikasi téh salawasna teu leupas ti ngagunakeun kecap atawa kalimah nu aya hartina atawa ngandung ma'na. Unggal kecap dina basa nu diucapkeun pasti ngandung ma'na atawa harti. Éta ma'na téh sok ngahiji dina runtuyan kecap atawa kalimah. Ku kituna, ma'na bisa diulik ngaliwatan kecap, frasa, klausa, sarta kalimah nu ngawangun wacana.

Ma'na dina hiji basa téh remen pisan ngalaman parobahan ku sabab sipat ma'na nu dinamis atawa mekar luyu jeung masarakat nu ngagunakeunna.

Kamekaran masarakat téh ngahasilkeun rupa-rupa parobahan ma'na jeung wanda ma'na, salasihijina nyaéta ma'na asosiatif. Ma'na asosiatif téh, nurutkeun Sudaryat (2003, kc. 59) nyaéta ma'na nu teu langsung nuduhkeun hal, barang, atawa objék nu dimaksudna, tapi biasana ngandung ajén rasa, kenangan, jeung tafsiran kana barang séjén, disebut ogé ma'na injeuman. Ma'na dina hiji basa téh bisa katitén sacara tinulis dina media citak salasihijina nyaéta carita pondok.

Carita pondok téh karya sastra fiksi atawa rekaan nu pondok sarta galur caritana relatif basajan (Isnéndés, 2010, kc. 29). Carita pondok ogé mangrupa sastra nu gelar di masarakat sarta eusina ngandung rupa-rupa ma'na. Basa nu aya dina carita pondok biasana basa nu ngandung ma'na minangka kedaling rasa, pikiran, jeung pesen nu rék ditepikeun nu nulis ka nu maca. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Enre (dina Sendiktyas, 2012) yén ciri-ciri karangan nu hadé téh salasihijina nyaéta karangan nu ngandung ma'na.

Élmu ngeunaan ma'na dina wangun tinulis jadi hal nu matak ngirut pikeun ditalungtik, ku lantaran nu nulis dina unggal caritana pasti teu bisa leupas ti ngagunakeun basa nu ngandung ma'na, contona waé Yus Rusyana. Anjeunna parigel pisan dina ngolah basa ogé dina ngagambarkeun kajadian-kajadian kahirupan tokohna, sarta eusi caritana réa ngandung pesen-pesen nu rék ditepikeun ku anjeunna salaku nu nulis ka nu maca. Éta hal kapanggih dina salasihiji karyana nu mangrupa kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén*. Éta kumpulan carita pondok téh kungsi meunang Hadiah Sastra Rancagé taun 1989. Lian ti éta, unggal caritana ngandung ma'na nu mangrupa ma'na asosiatif.

Udagan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun ma'na asosiatif nu aya dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana. Ma'na asosiatif atawa sok disebut ogé ma'na injeuman nyoko kana ma'na nu dikandung ku kecap atawa ungkara anu teu langsung nuduhkeun kana acuanana, tapi diasosiasikeun atawa nginjeum ma'na séjén kalawan teu langsung. Upamana waé, kecap *salin* dina carita pondok Putri Jin, nuduhkeun ma'na asosiatif.

... *duméh anjeunna salin agama, ingkah tina ageman karuhunna.*

Kecap *salin* dina frasa *salin agama* digunakeun pikeun ngagambarkeun hiji jalma nu pindah agama. Sacara umum kecap *salin* nyaéta ganti papakéan nu keur dipaké ku nu séjén (Danadibrata, 2015, kc. 600), tapi dina sempalan kalimah di luhur, kecap *salin* teu langsung nuduhkeun naon nu dimaksudna. Éta kecap ngandung rasa, kenangan, jeung tapsiran kana barang séjén jadi ganti agama nu keur diagem ku agama séjén. Ieu ma'na bisa dikelompokkeun kana wanda ma'na asosiatif nyaéta ma'na konotatif.

Panalungtikan ngeunaan ma'na asosiatif saenyana lain hal anu anyar. Saméméhna kungsi aya panalungtikan *Makna Konseptual dan Makna Asosiatif dalam Teks Lagu Sheila On 7* (Widijayanto, 2015), nu medar ngeunaan wanda ma'na konseptual jeung ma'na asosiatif dina rumpaka lagu Sheila On 7. Aya ogé panalungtikan *Ulikan Stilistik kana Pakeman Basa dina Novél Laleur Bodas Karangan Samsu pikeun Bahan Pangajaran di SMA* (Nurdewi, 2017) nu ngulik jeung medar ngeunaan salasahiji wanda ma'na asosiatif nyaéta ma'na stilistik dina novél *Laleur Bodas* karangan Samsu. Aya deui panalungtikan nu judulna *Pergeseran Makna Asosiatif pada Lirik Lagu Iwan Fals di Album Musikal Satu Tahun 2015* (Ratnasari, 2019), anu ngaguar parobahan ma'na asosiatif kalawan sumber datana rumpaka lagu. Bédana panalungtikan saméméhna jeung panalungtikan anu dilaksanakeun nyaéta dina sumber data nu digunakeunna. Sumber nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana.

Dina panalungtikan nu geus ditataan di luhur, tétéla panalungtikan anu saméméhna saukur ngaguar salasahiji wanda tina ma'na asosiatif, nyaéta ma'na stilistik nu museur kana pakeman basana. Aya nu kungsi ngaguar ngeunaan ma'na asosiatif, tapi dina wengkuan basa Indonesia. Ieu panalungtikan boga kalungguhan penting lantaran dina panalungtikan saméméhna mah ma'na asosiatif nu diulikna téh masih kénéh heureut, hususna ngeunaan wanda ma'na dina media citak Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Ma'na Asosiatif dina Kumpulan Carita Pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, dina ieu panalungtikan diidentifikasi yén masalahna diwatesan ku medar jeung nganalisis ma'na asosiatif nu aya dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana.

Ma'na dina hiji basa téh kaitung réa, ngawengku ma'na léksikal, nu nyoko ma'na konséptual, jeung ma'na asosiatif; sarta ma'na struktural, nu nyoko ma'na gramatikal jeung ma'na tématis. Salasahiji wanda ma'na nyaéta ma'na asosiatif atawa ma'na injeuman. Sudaryat (2003, kc. 59) nyebutkeun aya genep wanda ma'na asosiatif, nyaéta ma'na konotatif, ma'na aféktif, ma'na répléktif, ma'na kolokatif, ma'na stilistik, jeung ma'na idiomatis. Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Ma'na asosiatif naon waé nu kapanggih dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana?
- 2) Naon maksud ma'na asosiatif nu aya dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana?
- 3) Kumaha wanda ma'na asosiatif dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Éta dua tujuan téh didadarkeun masing-masing saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun manggihan jeung ngadéskripsikeun ma'na asosiatif sarta nganalisis ma'na asosiatif nu aya dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) ma'na asosiatif nu kapanggih dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana;
- 2) maksud ma'na asosiatif nu kapanggih dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana; jeung
- 3) wanda ma'na asosiatif dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya dua mangpaat anu bisa dicangking, nyaéta 1) mangpaat téoritis jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban jeung mekarkeun tiori kabasaan paélmuan semantik, hususna ngeunaan ma'na asosiatif.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa mekarkeun pangaweruh ngeunaan semantik, hususna ma'na asosiatif dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana.
- 2) Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa nambahan référénsi panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung wanda ma'na asosiatif. Nambahan élmu pangaweruh pikeun nu maca ngeunaan ma'na asosiatif ogé ngeunaan wanda ma'na asosiatif.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun ieu skripsi dibagi jadi lima bab, nyaéta anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung pamungkas aya raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan dasar tiori anu ngawengku ulikan tiori ma'na, wangenan ma'na, aspék ma'na, wanda ma'na, ma'na asosiatif, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, anu eusina ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, eusina ngawengku hasil tina ieu panalungtikan nu mangrupa data ma'na asosiatif, maksud ma'na asosiatif, wanda ma'na asosiatif, jeung pedaran.

Bab V Kacindekan, eusina kacindekan ma'na asosiatif, wanda ma'na asosiatif, maksud harti asosiatif, implikasi, jeung rékomendasi pikeun panalungtikan séjén.